



Enfòmasyon pou paran elèv ki sou direktiv rete lakay **Depatman Edikasyon Florid Règ Ijans: 6AER21-01** **2021-2022**

Nenpòt elèv K-12 M-DCPS ki sou yon direktiv rete lakay (sa vle di, lòd pou karantèn) akòz kontak ak, oswa gen COVID-19, pral kontinye resevwa bon jan kalite edikasyon.

Direktiv pou Prezans elèv pandan yo rete lakay

Si yon elèv sou direktiv rete lakay, elèv la pral resevwa yon kod espesyal “S8” Avètisman Sante /Karantèn pou prezans chak jou. Yo ka konsidere prezans elèv sa a sou direktiv rete lakay si:

1. Elèv la sèvi avèk lyen pwofesè a ba li pou konekte ak klas li sou entènèt atravè Microsoft Teams, Schoology, oswa Zoom atravè Teams pou kontinye edikasyon li pandan direktiv rete kay;
2. Elèv la swiv enstriksyon klas atravè lyen pwofesè (yo) ba li; ak
3. Elèv la gen aksè nan kourikoulòm nan ak konplete/soumèt devwa yo adistans,

Si yon elèv malad ak li pa pral konplete travay li oswa ale nan klas adistans pou jounen sa a, paran an dwe kontakte pwofesè/lekòl la pou fè konnen elèv la pa pral patisipe nan enstriksyon pou jou sa a. Yo pral make “A” pou elèv la pou ekskize absans li. Si paran an pa avèti pwofesè/lekòl la e elèv la pa ale nan klas sou entènèt pou jou sa a, yo pral make “U” pou elèv la pou yon absans ki pa ekskize.

Eksperyans aprantisaj elèv pandan direktiv rete lakay

Pandan ke aprantisaj anpèsòn se modèl prefere pou siksè elèv, si yon elèv sou direktiv rete laka akòz COVID-19, yo ka patisipe nan aprantisaj adistans jiskake yo pèmèt yo retounen pou enstriksyon anpèsòn. Lè klas anpèsòn pa ka kontinye, elèv yo dwe swiv etap ki anba yo pou kontinye enstriksyon:

1. Itilize lyen Microsoft Teams oswa Zoom pwofesè (yo) ba yo pou antre nan klas (yo).
2. Gade enstriksyon ki bay nan klas la (pwofesè yo pral ouvri kamera yo pou elèv sou entènèt ka swiv enstriksyon).
3. Antre, revize, konplete, ak remèt devwa klas yo ak aktivite yo ki afiche nan Microsoft Teams oswa Schoology. Ou ka gen aksè ak toulède platfòm sa yo nan pòtal elèv nan dadeschools.net.
4. Soumèt kesyon/kòmantè yo pou pwofesè a ka ede ak enstriksyon dapre gid pwofesè a bay.